

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén:

- a. Wangun rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* kaasup kana wangun puisi modéren sabab teu kauger ku fungsi sisindiran jeung guguritan.
- b. Hasil panalungtikan struktural, imaji anu kapaluruh nyaéta aya 20 imaji visual, 13 imaji auditif, sarta 84 imaji taktil. Ku ayana ieu imaji-imaji, Simbul/lambang anu katitén dina ieu rumpaka aya 70. Musikalitas dina rumpaka kahiji nepi ka rumpaka ka 14 didominasi ku vokal *a*, sarta konsonan *n* jeung *ng*. Ku sabab kitu, ieu rumpaka téh kaasup kana karakter eufoni nyaéta merenah pikeun dihaleuangkeun, sabab vokal *a* leuwih muka batan vokal séjénna. Suasana anu kapaluruh lolobana nyaéta suasana sedih. Tapi pamungkas dina ahir carita, suasana robah jadi suasana bagja. Salian ti éta aya 76 gaya basa anu patali jeung kasang tukang pangarang, nyaéta basa anu romantis anu leket jeung téma percintaan.
- c. Ajén éstétika dina ieu panalungtikan ngawengku ajén éstétika kabasaan jeung ajén éstétika eusi. Ajén éstetika kabasaan anu ngawengku purwakanti jeung gaya basa. Tina salapan wanda purwakanti nurutkeun Salmun, kapaluruh dalapan wanda purwakanti, kalayan jumlahna 152 purwakanti di antarana: dalapan purwakanti pangluyu, 70 purwakanti maduswara, tilu purwakanti cakraswara, hiji purwakanti laraspurwa, tilu purwakanti maduswara, 60 purwakanti laraswekas, opat purwakanti midoan kawit, sarta tilu purwakanti mindoan wekas. Ku kituna, purwakanti anu panglobana kapaluruh nyaéta purwakanti maduswara. Purwakanti maduswara nyaéta purwakanti anu miboga sora anu saru unggal tungtung kecapna. Sedengkeun, dina ieu rumpaka teu kapaluruh purwakanti margaluyu. Purwakanti margaluyu nyaéta purwakanti anu ngabalikan deui kecap anu aya ditungtung kalimah di awal kalimah sapandeurieuunana. Salian ti éta, tina 12 wanda gaya basa nurutkeun

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Sudaryat, kapaluruh 11 wanda gaya basa, kalayan jumlahna 64 gaya basa di antarana: dua gaya basa ngumpamakeun, dua gaya basa lalandian, 12 gaya basa mijalma, hiji gaya basa ngasor, lima gaya basa rautan, 10 gaya basa raguman, dalapan gaya basa rarahulan, 10 gaya basa kadalon, dua gaya basa ébréhan, dalapan gaya basa

Anisa Gusnira, 2018

*UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- kahaman, sarta opat gaya basa silib. Ku kituna, gaya basa anu panglobana kapaluruh nyaéta gaya basa mijalma. Sedengkeun, dina ieu rumpka teu kapaluruh gaya basa ocon. Dina analisis ajén éstétika eusi, téma anu kapanggih nyaéta ngeunaan percintaan. Nada anu remen kapanggih nyaéta nada nyaritakeun perkara hiji hal, jeung nyindir. Rasa anu remen kapanggih nyaéta rasa sedih. Salian ti éta, amanat anu nyankaruk dina rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* di antarana ulah ngagugu napsu anu antukna bakal jadi baruang ka diri sorangan anu ahirna matak kaduhung, kudu tenang dina nyanghareupan pasualan, sabab sagala pasualan pasti aya bongbolonganana, kudu bisa narimakeun kana takdir pangéran, ulah jalir kana jangji anu geus disapukan babarengan, kudu boga sifat jujur, ulah nepi ka ngabohongan batur.
- d. Ditilik tina luyu henteuna pikeun dilarapkeun dina bahan pangajaran, rumpaka kawih dina album *Deudeuh jeung Geugeut* bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X. Sabab ieu rumpaka saluyu jeung karakteristik bahan ajar. Salian ti éta, basa jeung carita anu aya dina ieu rumpaka miboga unsur étika jeung budaya anu bisa nambahan pangaweruh siswa sarta bisa nyonto hal-hal positif dina segi étikana.

5.2 Implikasi

Bébédaan antara kawih klasik jeung kawih modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih dina rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran kawih kelas X, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

1. Siswa dibéré téks rumpaka kawih *Deudeuh jeung Geugeut*;
2. Siswa dibéré téks rumpaka kawih séjén di luar album kawih *Deudeuh jeung Geugeut*;
3. Siswa ngabédakeun wangun rumpaka kawih kahiji jeung kadua;
4. Siswa nganalisis struktur rumpaka kawih *Deudeuh jeung Geugeut*;
5. Siswa nganalisis kabasaan anu aya dina rumpaka kawih *Deudeuh jeung Geugeut*.

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D. ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan sakumaha ieu di handap.

Sabada nengetan, ngaanalisis, jeung ngalarapkeun, bébédaan antara kawih klasik jeung kawih modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih dina rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanana, sakumaha ieu di handap.

- 1) Maham kana bébédaan antara kawih klasik jeung kawih modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D;
- 2) Parigel dina maluruh bébédaan antara kawih klasik jeung kawih modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih dina rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D.

5.3 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkéran. Ku kituna pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, ieu di handap aya sababaraha saran nu kudu diperhatikeun.

- 1) Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan ukur museur kana struktural jeung ajén éstétika anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran wungkul. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ajén budaya, ajén atikan, jsb.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung ajén éstétika dina pangajaran sastra.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikaresep kana kawih-kawih Sunda minangka seni anu kiwari tuluy-tumuluy mekar nuturkeun kamekaran jaman.

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Anisa Gusnira, 2018

*UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu